**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–12.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सी.पी राधाकृष्णन देशक पन्द्रहम उपराष्ट्रपति बनि गेल छथि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ राष्ट्रपति भवन मे हुनका पदक शपथ दिऔलनि। शपथ ग्रहण समारोह मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविंद, पूर्व उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, केन्द्रीय मंत्री अमित शाह, राजनाथ सिंह, जे.पी. नड्डा, पीयूष गोयल आ नितिन गडकरी उपस्थित छलाह। श्री सी.पी राधाकृष्णन एहि मासक नओ तारीख के भेल उपराष्ट्रपति चुनाव मे जीत हासिल कयने छलाह। एनडीए उम्मीदवार राधाकृष्णन कँ चारि सय बावन वोट भेटल छल। ओ इंडिया गठबंधनक उम्मीदवार आ सर्वोच्च न्यायालय केर पूर्व न्यायाधीश बी सुदर्शन रेड्डी कँ एक सय बावन मत सँ पराजित कयने छलाह।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे नीतीश कुमार एनडीए केर मुख्यमंत्री पदक चेहरा होयत। श्री चौधरी आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप मे कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पर एनडीए आ भाजपा कँ पूरा भरोस अछि। उपमुख्यमंत्री कहलनि जे विधानसभा चुनाव मे एनडीए जनताक बीच विकासक मुद्दा लऽकऽ जायत। ओ विपक्ष के मुद्दा विहीन जनौलनि।

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा काल्हि एक दिवसीय दौरा पर पटना आबि रहल छथि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल जनौलनि जे एहि दरमियान श्री नड्डा अगामी विधानसभा चुनाव के लऽकऽ उच्च स्तरीय बैसक करताह। हुनक पार्टी कार्यकर्ता लोकनिक संग संवादक कार्यक्रम सेहो अछि। श्री जायसवाल जनौलनि जे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सेहो अठारह सितम्बर के पटना आबि रहल छथि। श्री शाह सेहो अपन पटना दौराक क्रम मे विधानसभा चुनावक रणनीति पर चर्चा करताह।

——————————————————————————

भागलपुर मे आइ भारतीय जनता युवा मोर्चा दिस सँ युवा शंखनाद कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे पूर्व केन्द्रीय मंत्री अनुराग ठाकुर, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ पथ निर्माण मंत्री नितिन नवीन समेत कतेको वरिष्ठ नेता शामिल छलाह।

——————————————————————————

एनडीए केर घटक दल सभ बिहार कांग्रेस द्वारा सोशल मीडिया पर पोस्ट कयल गेल ओहि एआई जेनरेटेड वीडियोक कड़गर आलोचना कयलक अछि, जाहि मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ हुनक दिवंगत माँ जेहन देखायवला दू किरदार के देखायल गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय कहलनि जे कांग्रेस आपत्तिजनक वीडियोक माध्यम सँ प्रधानमंत्री आ हुनक माँ कैँ एक बेर फेर अपमानित कयलक अछि। बिहारक जनता एकर बदला लेत। एम्हर, जदयूक वरिष्ठ नेता विजय कुमार चौधरी कहलनि जे ई वीडियो कांग्रेस समेत आन विपक्षी दल सभक हताशा के देखबैत अछि। एहि मध्य, कांग्रेस नेता पवन खेड़ा कहलनि अछि जे एहि वीडियो मे किछु अपमानजनक नहि अछि। ओ आरोप लगौलनि जे बेर–बेर सभ चीज के मुद्दा बनायब आ छुईमुई बनि कऽ राजनीति करब एनडीए के आदत भऽ गेल अछि।

——————————————————————————

सुपौल सँ पुणे के बीच सीधा रेल सेवा शुरू भऽ गेल अछि। स्थानीय सांसद दिलेश्वर कामेत आइ सुपौल–पुणे एक्सप्रेस ट्रेन के हरियर झंडी देखा कऽ रवाना कयलनि। ओ जनौलनि जे ई गाड़ी नियमित रूप सँ सुपौल सँ रवाना भऽकऽ दानापुर होयत पुणे धरि जायत। श्री कामेत कहलनि जे शीघ्रहि सुपौल के एक अमृत भारत ट्रेन भेटयवला अछि।

——————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोगक एकहत्तरम संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा काल्हि आयोजित होयत। परीक्षाक आयोजन सैंतीस जिलाक नओ सय बारह केन्द्र पर होयत। परीक्षा दुपहर बारह बजे सँ शुरू होयत आ दू बजे धरि चलत। आयोग कहलक अछि जे कदाचार

मुक्त परीक्षा आयोजित करबाक लेल सभ तैयारी पूर्ण कऽ लेल गेल अछि। आयोग उम्मीदवार लोकनि सँ समय पर परीक्षा केन्द्र पहुंचबाक लेल कहलनि अछि। पूर्वाह्न एगारह बजे धरि परीक्षा केन्द्र मे प्रवेश देल जायत।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ बरखाक सिलसिला जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान किशनगंज जिलाक तैयबपुर मे सभ सँ बेसी अड़सठि दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग आइ किशनगंज, पूर्णियां आ भागलपुर जिलाक एक–दू ठाम भारी बरखाक चेतावनी जारी कयलक अछि। राज्यक आन हिस्सा मे सेहो तेज हवाक संग बरखाक संभावना अछि।

---

मधुबनी जिला मे एसएसबी आ पुलिसक टीम मधवापुर पंचायतक रामपुर बृत गाम सँ एक नेपाली नागरिक के गिरफ्तार कयलक अछि। ओ नेपालक जलेश्वर जेल सँ फरार भऽ गेल छल। मधुबनी सँ काल्हि सेहो दू नेपाली कैदी के गिरफ्तार कयल गेल छल।

---

अररिया जिलाक भरगामा थाना क्षेत्रक धनेश्वरी मे पछिला दिन दू गोटे के हत्याक मामिला मे पुलिस तीन अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त भेल।